



Sekirite Nan ak Arebò Kwazman pou Ray Tren yo

OU WÈ RAY TREN DEVAN OU? KONNEN KISA OU DWE FÈ.

Èske ou konnen gen yon timoun ki mouri chak senk jou paske yon tren frape li? Se adolesan ant 15 ak 19 yo ki anfas pi gwo danje pou yo nan aksidan oubyen mouri (safekids.org). TNou ka anpeche kolizyon sa yo. Swiv direktiv sa yo pou kenbe tèt ou ak lòt moun an sekirite lè w ap kondwi oto, oswa ap mache, oswa woule sou bisiklèt, oswa ap woule toupre kwazman pou ray tren.

Fè sa



Lè w ap mache, oubyen ou sou bisiklèt, oubyen w ap woule, kondwi, oswa kwaze ray tren nan kote yo mete pou travèse yo.



Si limyè yo ap mouri limen oswa baryè a bese nan yon kwazman pou ray tren, tann jouktan tren an fin pase nèt. Janbe ray yo sèlman apre baryè a fin monte, epi limyè yo sispann mouri limen.



Janbe sèlman si gen ase plas pou oto ou fin travèse tout kote pou kwazman tren an, pa ray la sèlman.



Lè ou pral rive nan yon kwazman pou ray tren, sonje otobis pou elèv yo kanpe devan tout kwazman pou tren, epi lòt oto yo dwe rete omwen 100 pye dèyè otobis la.

Pa fè sa



Pa janbe ray pou tren pandan ou distrè nan telefòn, ni pandan w ap koute nan yon ekoutè ki nan zòrèy ou, ni pandan w ap sèvi avèk nenpòt bagay ki ka kenbe atansyon ou. Pase pou ou fè sa, retire tout sa k ap distrè ou, retire ekoutè telefòn ki nan zòrèy ou, epi gade nan toude direksyon yo anvan ou janbe ray tren yo.



Pa mache, ni woule sou bisiklèt, ni woule sou planch ki gen woulèt sou yon ray tren ni sou kote li. Sa kapab yon mwayen rapid, men li gen danje epi sa ilegal.¹



Pa janm kanpe oto ou sou ray tren. Non sèlman sa gen anpil danje, men li ilegal tou.

APRANN KONNEN RÈGLEMAN YO.

Respekte lalwa epi swiv règleman yo pou mache, ak monte bisiklèt, ak woule sou wou, oswa kondwi oto toupre oswa pou janbe ray tren. Sa pral pwoteje tout moun.




¹ **SEKSYON 218 nan lwa Massachusetts yo di:** Si yo jwenn yo moun ki kanpe, k ap mache, oswa k ap kondwi oto sou yon pwopriyete ki gen ray tren, yo pral fè moun lan peye yon amann \$100 oubyen fè yon total 50 edtan sevis kominotè.

KISA MWEN DWE VEYE LÈ MWEN YON KOTE KI GEN YON KWAZMAN POU RAY TREN?

Kwazman pou ray tren yo gen afich pou avètisman ak siyal pou kontwòl ki fè chofè oto ak pyeton konnen lè gen tren k ap pwoche. Menm jan ak panno pou rete kanpe oswa siyal pou trafik, yo di ou kilè pou ou rete kanpe, ak ki lè ou mèt kontinye.

KWAZMAN KI AKTIF

Kwazman ki aktif yo gen sistèm avètisman ki fè ou konnen lè yon tren ap pwoche.




KWAZMAN PASIF

Kwazman ki pasif yo pa fè moun konnen lè yon tren ap pwoche. Sa yo genyen pito, se siyal pou kwazman ray tren ki mande ou gade si gen tren k ap pwoche.

Anvan yo decide rete oswa kontinye nan kwazman konsa yo, pyeton ak chofè yo dwe:

- 1 Gade kote kwazman an ye
- 2 Koute si gen tren k ap pwoche oswa aktivite sou ray yo
- 3 Gade nan toude direksyon yo, pou wè si gen tren k ap vini

Siyal Avètisman Davans fè chofè yo konnen lè yo pral rive kote ki gen ray tren.



Siyal Pasaj a Nivo yo se avètisman davans ki fè konnen lè gen kwazman pou ray tren tou pre.



RETE ATANTIF, EPI PRAN PREKOSON NAN KWAZMAN POU RAY TREN



Toujou aji kòm si kapab gen yon tren k ap pwoche nenpòt kilè, menm si gen yon tren ki fenk pase.

Si ou wè nenpòt moun oswa nenpòt bagay sou ray yo, rele 911 oubyen nimewo ki ekri nan kwazman an, pou fè rapò sou sa.

Pran prekosyon siplemantè pou travèse ray lè ou sou bisiklèt, oswa sou fotèy woulan, oubyen w ap pouse yon charyo. Si sa posib, pa pase sou ni kondwi sou tay yo.